



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat: 3 desanm 2013**

**ADMINISTRASYON CUOMO AP FÈ PLIS ANKÈT SOU ABI NAN PRÈ SOU SALÈ AK ABI KONT KONSOMATÈ YO**

***Yo Te Voye Asiyasyon pou Konparèt Ba Sèz Konpayi yo Sispèk k ap Vann Enfòmasyon Pèsonèl Sansib Konsomatè ba Enstitisyon Prè Ilegal sou Entènèt, Mèt dam Pwofesyonèl ak Lòt Konpayi***

***Konsomatè New York Ki Kwè Yo te Viktim nan Prete Lajan sou Salè yo oswa nan Abi Asosye Ta Dwe Kontakte Liy Dirèk DFS nan (800) 342-3736***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Administrasyon li a ap ogmante efò li yo pou pwoteje Nouyòkè yo kont aktivite prete lajan ilegal sou salè ak aktivite fwod asosye ki nuizib pou konsomatè yo. Nan yon gwo ankèt k ap kontinye, Depatman Sèvis Finansye Department of Financial Services (DFS) te voye asiyasyon pou konparèt ba 16 antrepriz 'jenerasyon prensipal' sou entènèt yo sispèk k ap twonpe moun oswa k ap bay fo enfòmasyon sou maketing prè sou salè ilegal sou entènèt nan New York. DFS sispèk antrepriz sa yo mete konsomatè yo arisk pou viktim abi lè yo rasanble epi vann enfòmasyon pèsonèl yo ba enstitisyon prè ilegal sou entènèt ak lòt konpayi, tankou mètdam pwofesyonèl yo, sa ki vyole lwa New York.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Byen bonè ane sa a, administrasyon mwen an te lanse yon ankèt sou enstitisyon ki prete moun lajan sou entènèt, epi jodi a n ap fè plis ankèt pou pwoteje Nouyòkè yo kont mètdam sanblab ki lakòz fanmi yo toujou gen dèt pou yo peye. N ap kontinye swiv ankèt sa a kèlkeswa kote li rive epi n ap itilize tout zouti ki adispozisyon nou pou pwoteje Nouyòkè yo kont moun k ap chèche pran avantaj sou konsomatè frajil yo.”

Benjamin M. Lawsky, Sipè-Entandan Sèvis Finansye, di konsa, “Prè sou salè se yon aktivite ki ilegal nan New York epi li se yon maketing prè ilegal antrepriz prensipal yo ap fè pou twonpe moun. Sa ki pi grav la sèke nou te resevwa plent Nouyòkè yo konsènan konpayi jenerasyon prensipal ki asosye avèk mètdam, asèlman nan koutfil, reklam ki bay manti, ak vyolasyon enfòmasyon prive moun. Nouyòkè yo kapab jwenn pran nan yon pakèt abi ki sanble p ap fini si yo bay enfòmasyon pèsonèl sansib yo nan kalite sitwèb sa yo.”

Haitian Creole

Anjeneral, antrepriz jenerasyon prensipal yo pa fè prè sou salè dirèkteman, men pito yo mete sitwèb anplas pou fè maketing pou prè ilegal yo. Nan pwomès pou bay lajan kach rapid, konpayi jenerasyon prensipal yo enterese konsomatè yo pou yo bay yo enfòmasyon pèsònèl sansib yo – tankou nimewo sekirite sosyal yo ak nimewo kont labank – epi answit yo ka vann enfòmasyon sa yo ba enstitisyon ki bay prè sou salè k ap opere ilegalman nan New York ak lòt konpayi. Nan ankèt DFS ap fè, yo tandè plent konsomatè New York kont yon kantite antrepriz jenerasyon prensipal sa yo ak reklam k ap twonpe moun (tankou apwobasyon selebrite), asèlman nan koutfil, demann sispèk, vyolasyon enfòmasyon prive, ak lòt pwoblèm.

Kèk konsomatè te pote plent ba DFS tou paske yo te resevwa koutfil mètdam sispèk apre yo te bay enfòmasyon pèsònèl yo ba konpayi jenerasyon prensipal yo. Mètdam sa yo gen ladan ankourajman konsomatè yo pou yo mete lajan sou yon kat debi pre-peye epi pou itilize lajan an pou peye gwo frè davans pou yo kapab resevwa yon prè sou salè yo sou entènèt. Apre konsomatè yo peye gwo frè davans sa yo, yo te rapòte yo pa t resevwa prè konpayi yo te pwomèt yo a. Aksyon jodi a ap voye yon mesaj serye ba antrepriz prensipal prè sou salè yo ak rezo vandè afilye yo oswa maketing prè sou salè ki twonpe Nouyòkè yo pa akseptab.

Prè sou salè ilegal nan New York anba lwa kont izirye sivil ak kriminèl. Men nan kèk ka, enstitisyon prè yo ap eseye eskive entèdiksyon New York nan prete lajan sou salè lè yo ofri prè yo sou entènèt, avèk lespwa pou yo pa trennen yo lajistis. Malgre sa, prè sou salè sou entènèt ak maketing ki bay manti oswa ki twonpe moun avèk prè sa yo pou Nouyòkè yo ilegal menm jan ak prè sou salè yo bay yon moun nan New York.

Nan mwa out 2013, DFS te mande pou 35 konpayi sispann epi pou yo pa ofri prè sou salè nan entènèt, yon aktivite ki vyole lwa New York. Pifò konpayi sa yo (omwen 23) deja sispann biznis yo nan New York apre yo te resevwa lèt DFS te voye ba yo. Gouvènè Cuomo te anonse tou nan mwa out la, Sipè-Entandan Lawsky te voye lèt ba 117 bank – ak NACHA, ki kontwole itilizasyon rezo Chanm Konpansasyon Otomatik [Automated Clearing House (“ACH”)] epi ki gen konsèy ki gen ladan reprezantan yon kantite bank – pou mande pou yo travay avèk DFS pou diminye aksè nan kont konsomatè New York pou enstitisyon prè sou salè k ap opere ilegalman. Answit, Sipè-Entandan Lawsky te voye yon lèt nan mwa out la ba tout konpayi rekouvremant dèt k ap opere nan New York sitou pou mande yo pou yo pa touche prè ilegal sou salè nan konpayi ankèt DFS la te idantifye jiska prezan, paske prè yo nil epi yo pa gen valè.

Yon lis 16 konpayi jenerasyon prensipal DFS te voye asiyasyon pou konparèt endike anba la a. DFS mande plizyè kalite dokiman nan ankèt I ap fè a, ansanm ak dokiman maketing, kontra pou lavant enfòmasyon konsomatè ak règleman sou pwoteksyon enfòmasyon prive.

- Allied Cash Advance
- Bahamas Marketing Group, Inc.
- Blue Global, LLC d/b/a 100DayLoans, HighSpeedPayday
- DJR Group, LLC
- Fix Media Group, LLC d/b/a We Fix Money

- Hydra Fund II
- LightSword, LLC d/b/a Aero Advance
- Payday Loan Ranger
- Payday Mobility
- PayDayForest
- PayDayMall
- Personal Cash Advance
- Selling Source, LLC d/b/a MoneyMutual, LLC
- US Cash Loans
- ValleyTrust
- WebMarketerLive d/b/a JustClickHereLoans, CashMoneyNow

Konsomatè ki kwè yo te viktim yon konpayi ki prete lajan sou salè oswa yon antrepriz jenerasyon prensipal k ap opere ilegalman – oswa si yon ajans rekouvreman ap chèche touche yon prè ilegal sou salè – kapab fè yon plent nan Depatman Sèvis Finansye nan nimewo (800) 342-3736. DFS te afiche enfòmasyon yo sou nan sitwèb li pou konsomatè yo konsènan fason pou batay kont prè ilegal sou salè sou entènèt, epi enfòmasyon yo disponib nan lyen sa a.

Konsomatè yo kapab evite mèt dam kat pre-peye ak lòt mèt dam ki asosye avèk sitwèb konpayi jenerasyon prensipal prè sou salè avèk prekasyon senp sa yo:

- Pran prekasyon ou avèk gwo risk mèt dam ki asosye avèk enstitisyon ki prete lajan sou salè. Anjeneral, enstitisyon prensipal ki prete lajan sou salè idantifye tèt yo nan ti ekriti anba sitwèb yo lè yo deklare yo pa enstitisyon ki prete lajan men y ap fè konsomatè yo jwenn yon rezo enstitisyon ki prete moun lajan.
- Pa bay enfòmasyon pèsònèl sansib ou (tankou nimewo Sekirite Sosyal ou oswa nimewo kont labank ou) avèk fòm sou entènèt pou enstitisyon ki prete lajan sou salè oswa pou enstitisyon prè prensipal yo.
- Pa janm peye frè davans (tankou “frè labank”) avèk yon kat pre-peye kòm yon kondisyon pou resevwa yon prè.
- Pa kite yo kraponnen ou avèk koutfil asèlman oswa menas pou rele ou nan lajistis oswa nan lòt aksyon legal si ou pa peye frè ki asosye avèk prè sou salè. Rapòte koutfil sa yo ba DFS ansanm avèk sitwèb ki te resevwa enfòmasyon pèsònèl ou.
- Fè etap pou pwoteje tèt ou kont vòl idantite. Tcheke rapò kredi ou souvan pou aktivite ki sispèk (ou kapab jwenn yon rapò kredi gratis nan chak nan Twa Gwo ajans rapòtaj kredi yo nan sitwèb [www.annualcreditreport.com](http://www.annualcreditreport.com)). Anvizaje mete yon bloka sekirite oswa yon alèt sou kredi ou nan rapò kredi ou si ou panse ou ka yon viktim vòl idantite.
- Si ou se yon viktim vòl idantite, kontakte depatman lapolis lokal ou imedyatman epi sere yon kopi rapò lapolis la. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou pwoteje tèt ou kont vòl idantite, ale nan paj sitwèb Avoid Identity Theft (Evite Vòl Idantite).

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418